

RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN JARAK JAUH

Nama Sekolah : SMP GAJAH MUNGKUR 6 NGADIROJO
 Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
 Kelas, Semester : VII/Ganjil
 Tahun Pelajaran : 2020/2021
 Kompetensi Dasar : 3.1 Memahami isi teks narasi tentang peristiwa/ kejadian.
 4.1 Menulis ringkasan teks narasi tentang peristiwa/kejadian.
 Alokasi Waktu: 4 jpl x 30' (2 x pertemuan)

Tujuan Pembelajaran	
<p>Setelah mengikuti kegiatan pembelajaran jarak jauh (daring), peserta didik diharapkan dapat:</p> <ul style="list-style-type: none"> ➤ Melalui menyimak penjelasan guru dalam WAG, peserta didik dapat menjelaskan pengertian teks narasi peristiwa dengan benar. ➤ Melalui diskusi dalam WAG Kelas, peserta didik dapat mengartikan kata-kata sukar yang terdapat dalam teks narasi dengan tepat. ➤ Melalui diskusi dalam WAG Kelas, peserta didik dapat menjawab pertanyaan tentang isi teks narasi peristiwa dengan benar. ➤ Melalui diskusi dalam WAG Kelas, peserta didik dapat menentukan pokok-pokok isi setiap paragraf teks narasi peristiwa/kejadian dengan tepat. ➤ Melalui diskusi dalam WAG Kelas, peserta didik dapat menuliskan isi pokok teks narasi peristiwa/kejadian dengan sistematis 	
Kegiatan pembelajaran pertemuan pertama	
Tahapan	Kegiatan
Kegiatan awal	<ul style="list-style-type: none"> • Peserta didik menerima salam dari guru via WhatsApp. • Peserta didik diminta mengisi absensi dengan menuliskan nama dan memberi tanda emoticon jempol/zoom meet, menyampaikan kondisi/keadaan dan permasalahan yang mungkin dialami. • Peserta didik mendapat motivasi dari guru. • Peserta didik mendapat apersepsi. • Menyampaikan tujuan kegiatan pembelajaran
Kegiatan Inti	<ul style="list-style-type: none"> • Peserta didik mendapatkan pengantar materi via whatsApp group kelas dari guru • Peserta didik diminta membaca kiriman materi yang sudah dikirimkan melalui WAG • Peserta didik diberi tugas mendata kata-kata sukar yang terdapat dalam teks narasi. • Peserta didik diberi kesempatan untuk saling berdiskusi/bertanya jawab melalui whatsApp atau media komunikasi lain untuk mengartikan kata-kata sukar. • Peserta didik diberi waktu untuk bertanya jawab materi yang kurang dikuasai melalui WAG kelas. • Peserta didik menjawab pertanyaan terkait dengan isi teks narasi,tentang peristiwa/kejadian melalui Microsoft teams
Kegiatan akhir	<ul style="list-style-type: none"> • Peserta didik bersama guru membuat kesimpulan • Guru melakukan kegiatan refleksi untuk menilai apakah pembelajaran hari ini sudah sesuai dengan tujuan. • Guru menutup pembelajaran dengan memberikan penguatan,

	memotivasi dan berdo'a sesuai dengan agama dan keyakinan masing-masing.	
	Kegiatan Pembelajaran pertemuan ke dua	
Kegiatan awal	<ul style="list-style-type: none"> • Peserta didik menerima salam dari guru via WhatsApp. • Peserta didik diminta mengisi absensi dengan menuliskan nama dan memberi tanda emoticon jempol/zoom meet, menyampaikan kondisi/keadaan dan permasalahan yang mungkin dialami. • Peserta didik mendapat motivasi dari guru. • Peserta didik mendapat apersepsi. Menyampaikan tujuan kegiatan pembelajaran	
Kegiatan inti	<ul style="list-style-type: none"> • Peserta didik menerima penjelasan dari guru melalui WAG tentang langkah-langkah menuliskan isi pokok teks narasi peristiwa • Peserta didik berdiskusi atau bertanya-jawab melalui WAG tentang isi pokok setiap paragraf teks narasi peristiwa/kejadian. • Peserta didik menuliskan isi pokok teks narasi peristiwa, dan dikirim melalui Microsoft teams 	
Kegiatan akhir	<ul style="list-style-type: none"> • Peserta didik bersama guru membuat kesimpulan • Guru melakukan kegiatan refleksi untuk menilai apakah pembelajaran hari ini sudah sesuai dengan tujuan. • Guru menutup pembelajaran dengan memberikan penguatan, memotivasi dan berdo'a sesuai dengan agama dan keyakinan masing-masing. 	
Penilaian		
Sikap	Pengetahuan	Keterampilan
Guru mengamati sikap peserta didik dalam hal: <ul style="list-style-type: none"> • disiplin waktu dalam melaksanakan kegiatan pembelajaran dan mengumpulkan hasil pembelajaran. • bekerja sama dengan cara aktif berdiskusi selama pembelajaran berlangsung. • bertanggung jawab dalam melaporkan hasil pembelajaran 	Peserta didik mengerjakan: Lembar Kerja Siswa (LKS) yang berupa 10 soal jawaban singkat dan 5 soal isey singkat	Peserta didik menuliskan isi pokok teks narasi peristiwa/kejadian

Mengetahui
Kepala SMP Gajah Mungkur 6 Ngadirojo

Ngadirojo, 13 Juli 2020

Guru Mata Pelajaran

Endang Heriningsih,S.E

Arra zzaq Priyadita,S.Pd

Lampiran 1

Materi esensial

Teks Narasi

1. Pangerten yaiku teks kang isi crita utawa prastawa sing dijlentrehake kanthi urutan wektu kang cetha.
2. Ciri-cirine teks narasi : isine wujud crita utawa prastawa, dicritakake kanthi urut, duwene struktur (tema, setting, latar lan tokoh)
3. Tuladha :
Preen akhir taun pelajaran iki, aku ora menyang ngendi-endi. Amung ana ngomah wae, jalaran kaanan sumebare virus covid19 utawa corona. Kabeh kegiatan ditindakake ana ngomah, ora dikeparengake metu saka ngomah. Kabeh kuwi mujudake rekadaya supaya bisa medhot panularane corona, saengga ora ngambra-ambra lan enggal musna saka bumi iki.

Teks Narasi Peristiwa/kejadian 1

PASAR DHOPLANG

Ing jaman melenial iki jajanan maneka warna jenise, arep golek apa wae ana sing regane murah, sedhengan nganti sing larang, wis **sumadya** ing toko-toko, pasar moderen utawa Mall nganti warung-warung ing kampung. Nanging menawa arep golek jajanan tradisional, upamane uwi, tales, gembili, suweg, cabuk, lsp, cetha yen kangelan, jalaran ora saben pasar ana sing adol, apa maneh ing toko apadene ing Mall.

Para sedulur sing arep ngersakake mundhut jajanan tradisional, ora perlu kuwatir. Ing Pasar Dhopleng sing mapan ing Dusun Kembar, Desa Pandan, Kecamatan Slogohimo, wis sumadya maneka warna jajanan tradisional kayata: pepes, sega jagung, gembili, suweg, cabuk, thiwul, lepet, ketan juruh, gendar, grontol, gathot, gethuk lsp. Didhasarake dening para bakul sing asale saka warga sakiwa-tengene dusun.

Pasar Dhopleng madeg wulan November 2018 kepungkur, **mula bukane** pasar iki madeg, jalaran saka pepinginane warga masyarakat anggone **ngupaya** golek nafkah tambahan saliyane pametu saka hasile tetanen. Mula banjur padha saiyeg saekakapti ngadani pasar mligi jajanan tradisional **dipandhegani** Ibu Lilis Endang Hardiyanti, tumeka saiki **gunggunge** sing bebakulan ing kono wis ana 33 saka ibu-ibu RT sakiwa tengene papan kono. Sakawit dagangane mung didhasarake ana latar daleme Bu Lilis, bareng sing padha jajan tambah akeh banjur pindhah ing dalan. Tansaya suwe tansaya akeh, gregete masyarakat saya gedhe, mula pasare banjur pindhah ing alas jati sing papane luwih jembar lan edhum.

Mlebu gapurane pasar wis dipethuk papan kayu ditulisi pranatan utawa aturan, sing kudu dipatuhi saksapaa sing ngambah papan kono. Wujude tulisan kaya mengkene:

1. Nyuwun kawigatosanipun.
2. Pasar punika bebas saking plastik
3. Arta kedah dipun lintu koin.
4. Sesarengan njagi resiking lingkungan.
5. Pacelathonipun ngginakaken basa jawa.
6. Mbucal uwuh wonten ing papanipun.

Pasar Dhopleng ngusung *konsep ramah lingkungan*, **gumregut** anggone melu njaga lestarine **bawana**, mula ing pasar iki ora migunakake plastik. Kabeh jajanane dibuntel mawa godhong gedhang, godhong jati, utawa bahan liya sing bisa *didaur ulang*. Anggone ngladekake jajanan diwadahi piranti-piranti sing ora nuwuhake polusi, kayata: kendi, mangkok grabah, pincuk, suru, tumbu, lsp.

Kanggo piranti tetukone ora mawa dhuwit kaya umume dhuwit lumrah, nanging nganggo koin sing digawe saka kayu jati sing dipotongi bunder-bunder tipis, ditulisi angka 2 kanggo Rp. 2000, angka 5 kanggo Rp 5000, angka 10 kanggo Rp 10.000 lan angka 20 kanggo Rp. 20.000 lsp. Dene carane entuk koin, sing arep tetuku apa dene sing arep bebakulan kudu tuku koin marang Lurah pasar, menawa wis rampung anggone jajan, koine turah bisa diijolake marang Lurah pasar. Semono uga para bakule menawa pasare wis bubar, banjur padha ngijolake koin hasile anggone dodolan marang Lurah pasar.

Pasar Dhopleng diadani seminggu sepisan, yaiku mligi ing dina Minggu, jalaran ibu-ibu sing bakulan ing kono kagungan panggaotan liya, umume padha tetanen, dagang, lan liya liyane. Sanajan mung seminggu sepisan, yen lagi rame omzete bisa nganti 10 juta. Omzete para bakul ora padha, sing dagangane sethithik bisa oleh 90.000 – 100.000 rupiah, nanging menawa dagangane akeh bisa ngasilake 500.000 -700.000 rupiah.

Siji maneh keunikane pasar Dhopleng kang bisa gawe bombonge bebrayan Jawa, anggone nguri-uri kabudayan jawa, kayata antarane bakul karo sing tuku menawa **wawan rembug** wajib migunakake Basa Jawa, basa krama alus. Kanggo nguri-uri lestarine busana kejawen, para bakul lan punggawane pasar kabeh ngagem ageman kejawen, sing putri ngagem **nyamping** lan kebaya, dene para punggawa pasar sing kakung ngagem busana kejawen lan ngagem blangkon. Sukur-sukur para rawuh sing padha jajan kersa ngagem busana kejawen, mesthi tambah elok lan tambah gayeng.

Ing tembe pasar Dhopleng bakal dirembakakake, ora mung mligi adol jajanan utawa kuliner, nanging bakale arep ditambah dagangan awujud sandhangan lan dagangan liya sing dadi kabutuhan baku ing bebrayan. Nanging tetep tanpa migunakake plastik, wiwit saka hanger, buntel sandhangan lan liya-liyane mawa bahan sing ramah lingkungan, lan bisa didaur ulang saengga ora ndadekake polusi. Kanthi mangkono, Pasar Dhopleng bisa kanggo **patuladhan** tumrap pasar-pasar kuliner jujugane para andon wisata, apadene tumrap pasar umume ing kutha Wonogiri, bab anggone **nguri-uri** kabudayan Jawa sarta anggone gumregut njaga murih lestarine lingkungan.

Ature: Iwan Kawul
(Radar Solo. Jawa Pos.com, 23 Januari 2019)

Teks Narasi Peristiwa/kejadian 2

BANJIR ENDHUT ING PORONG

Wis meh sesasi banjir endhut ing Kecamatan Porong, Kabupaten Sidoarjo durung bisa diatasi. Pendhudhuk cacah 4000-an, warga Desa Siring, Jatirejo, Renokenongo, Kedungbendo, sing ketaman bludagan banjir endhut uripe saya mrihatinake. Kaya kang dialami Sukardi (45) warga Siring. Akibat daerahe banjir endhut dheweke ora bisa mangkat nyambutgawe ing pabrik rokok. Sukardi kandha melu siaga 24 jam.

“Tanggul ing kene wis jebol kaping pindho lan endhute mlebu omahku. Wong lanang sing wis dewasa kudu siaga njaga yen sakwayah-wayah tanggule jebol maneh. Mula ora bisa nyambutgawe,” kandhane nalika ditemoni ing ngarep omahe.

Kanggo njagani supaya endhut ora mlebu, omahe Sukardi sing lagi rampung direnovasi kuwi ngarep lawange ditutupi blabag karo wedhi. Dheweke ana omah ijenan. Anak lan bojone ngungsi ing Pasar Porong. Senajan ana bantuwan kendharaan saka Lapindo, Brimob, lan TNI kanggo ngangkut pendhudhuk sing arep ngungsi, ning cacah ora nyukupi. Akeh pendhudhuk sing nyewa kendharaan dhewe klawan rega larang.

Beda maneh karo sing dialami dening pengusaha konstruksi Haji Mursidi (40), salah sijining wong sugih ing Desa Siring. Bos PT Semangat Joyoboyo kuwi ngalami kapitunan ora kurang saka rong milyar. Sebab gudhange sing ambane 2000 M2, sing kebak bahan bangunan kayata pipa, kayu, wesi, semen, barang-barang elektronik kedelep endhut.

“Iku aku. Durung pendhudhuk liyane. Neng cedhak kene ana pabrik 14 sing ora bisa operasi. Kepeksa tutup, pegawene padha prei kabeh,” ujare kebak prihatin.

Mursidi kandha, apa wae penyebab, apa iku bencana alam, apa kacilakan, sing jelas kuwi disebabake saka eksplorasi utawa pengeboran gas. “Kita wong awam ora ngerti teknis, sing jelas yen ora ana eksplorasi ora bakal ana kedadeyan sing kaya mengkene,” kandhane klawan lantang.

Pengusaha sing nggarap dalam tol lingkaran timur lan lingkaran barat kutha Sidoarjo kuwi duwe pengarep-arep supaya pihak Lapindo mangerteni sengsarane rakyat sing saiki lagi kaya ketindhes. Lapindo kudu menehi ganti rugi samurwate marang pendhudhuk salaras karo kahanan sakdurunge ana musibah. Bab omah, lingkungan, kesehatan lan liya-liyane kudu dipetungake.

“Lapindo kudu cepet menehi ganti rugi. Rakyat ben bisa cepet nemtokake nasib lan bisa mbangun omah maneh. Masyarakat ora gelem nek dipeksa kon bedhol desa. Ben warga dhewe sing nemtokake menyang endi olehe arep pindhah,” ujare priya sing asli klairan Desa Siring kuwi.

Ature: Endang Irowati, JB 44/LX, Minggu 1 Juli 2006

B. Sumber Belajar :

1. *Baut Basa Jawa Kls. VII (Dwi Bambang Putut Setyadi)*
2. *Radar Solo. Jawa Pos.com, 23 Januari 2019)*

3. Materi Pendamping Siswa (Team MGMP Bhs Jawa Kab. Wonogiri)

4. Bausastra/Kamus Basa Jawa

Lampiran 2

LKPD 1

- 3.1.1. Menyusun urutan kata-kata sulit yang terdapat dalam teks narasi tentang peristiwa/kejadian.
- 3.1.2. Merumuskan arti 10 kata yang dianggap sukar dalam konteks kalimat.
- 3.1.3. Menyusun jawaban dari 5 pertanyaan dalam ragam krama.

1. Tulisen tembung-tembung kang cinithak kandel ing wacan judhul “ Pasar Doplang Slogohimo, banjur golekana tegese! (bisa nggolek ana ing bausastra, utawa mbukak internet)
2. Wangsulana mawa basa krama!
 - a. Terangna ana ngendi papan dununge pasar Dhoplang?
 - b. Apa sing njalari madege pasar Dhoplang?
 - c. Apa sebabe pasar Dhoplang karan pasar kuliner tradisional?
 - d. Apa wae aturan utawa pranatan sing kudu diugemi menawa sanja menyang pasar Dhoplang?
 - e. Apa sebabe pasar Dhoplang kalebu pasar kang migatekake lestarine lingkungan?

Kunci Jawaban :

1.
 - a. disedhiyakake
 - b. wiwitane
 - c. usaha, mbudidaya
 - d. dipimpin
 - e. cacahé, jumlahé
 - f. grengseng, semangat
 - g. omong-omongan
 - h. jarik
 - i. conto, tuladha
 - j. nglestarekake
2.
 - a. Dusun Kembar, Desa Pandan, Kecamatan Slogohimo
 - b. awit pepenginanipun warga masyarakat kangge paados asil tambahan.
 - c. amargi ingkang dipunsedhiyakaken mligi jajanan tradhisional
 - d. anggenipun mundhut jajanan mawi koin, mila saderengipun mundhut kedah nglintokaken arta dhateng Lurahipun peken.
 - e. awit sedaya jajanan dipunbunteli maw iron.

Pedoman Penskoran:

Nomor 1 setiap jawaban benar diberi skor 2, sedangkan jawaban salah diberi skor 0. Karena soal berjumlah 10 butir, maka jumlah skor berkisar antara 0 sampai 20. Sedangkan nomor 2 setiap jawaban benar diberi skor 4, jawaban salah diberi skor 1. Karena soal berjumlah 5 butir, maka jumlah skor berkisar antara 5 sampai 20.

skor yang diperoleh

$$\text{Nilai (1, 2) : } \frac{\text{-----}}{\text{Skor maksimal (40)}} \times 100$$

LKPS 2

- 4.1.1 Menganalisa bacaan teks narasi peristiwa/kejadian.
- 4.1.2 Menyusun pertanyaan dan jawaban tentang isi bacaan.
- 4.1.3 Menyimpulkan isi teks narasi tentang peristiwa /kejadian.

Soal :

Bocah-bocah , coba tulisen isi bakune wacan judhul “ Banjir Endhut Ing Porong “ !
(Minggu ngarep asiling garapan dikirim lumantar Microsoft teams)

Lampiran 3**PENILAIAN HARIAN KE-1**

3.1.1. Menjawab pertanyaan terkait dengan isi bacaan, 10 soal pilgan dan 5 esay

A. Pilihlah wangsulan kang bener kanthi menehi tandha ping (X) ing aksara a, b, c, utawa d !
Gatekna teks crita iki!

Istimewane pasar Dhoplang kang bisa gawe bombonge bebrayan Jawa, anggone nguri-uri kabudayan jawa, kayata menawa wawan rembug wajib migunakake Basa Jawa, basa krama alus, para bakul lan punggawane pasar kabeh ngagem ageman kejawen, sing putri ngagem nyamping lan kebaya, dene para punggawa pasar sing kakung ngagem busana kejawen lan ngagem blangkon.

Kanggo piranti tetukone ora mawa dhuwit lumrah, nanging nganggo koin sing digawe saka kayu jati sing dipotongi bunder-bunder tipis, ditulisi angka 2 kanggo Rp. 2000, angka 5 kanggo Rp 5000, angka 10 kanggo Rp 10.000. Dene carane entuk koin, sing arep tetuku apa dene sing arep bebakulan kudu tuku koin marang Lurahe pasar, menawa wis rampung anggone jajan, koine turah bisa diijolake marang Lurah pasar maneh.

1. Pratelan iki nuduhake menawa pasar Dhoplang temen-temen anggone ngleluri kabudayan Jawa, yaiku
 - a. Menawa wawan rembug wajib migunakake Basa Jawa
 - b. para bakul lan punggawane pasar kabeh ngagem ageman saanane
 - c. menawa wawan rembug wajib migunakake Basa Indonesia
 - d. Punggawa pasar agemane sarung
2. Sing dikarepake ageman putri kejawen yaiku... .
 - a. Nyamping beskap blangkon
 - b. Sarung lan klambi koko
 - c. Nyamping lan kebaya
 - d. Nyamping lan sarung
3. Kanggo tetukon ing pasar Dhoplang ora mawa dhuwit lumrah, nanging nganggo koin. Kepiye carane entuk koin?
 - a. Gawe koin dhewe saka ngomah
 - b. Diparingi koin gratis
 - c. Tuku koin marang lurahe pasar
 - d. Tuku koin marang pak RT
4. Menawa wis rampung anggone jajan, koine turah, banjur kepiye?
 - a. Koine digawa mulih
 - b. Koine dipasrahake lurah pasar
 - c. Koine diijolake dhuwit maneh marang lurah pasar.
 - d. Koin diijolake marang bakule

Rujak curek iki didol turut kampung. Yen rujak umume isine maneka warna woh-wohan, lonthong, kikil, janganan, lan liya-liyane diirisi lan diulet dadi siji karo bumbune, ning rujak curek seje. Bahane mung timun wutuh, jerone dikrowok diiseni bumbu rujak. Carane mangan uga beda, ora diwadhahi piring utawa pincuk, ning langsung dikrokoti.

5. Apa bae bahane menawa gawe rujak curek?
 - a. Timun wutuh, jerone dikrowok diiseni bumbu rujak
 - b. Timun wutuh diiseni woh-wohan
 - c. Timun wutuh jerone dikrowok diiseni lonthong
 - d. Timun wutuh dikrowok diiseni kikil
6. Kepiye carane mangan rujak curek
 - a. Diwadhahi piring
 - b. Diplastiki
 - c. Diwadhahi pincuk
 - d. Langsung dikrokot
7. Apa sebabe rujak mau diarani rujak curek?
 - a. Amarga bahane saka timun wutuh
 - b. Amarga carane gawe kanthi cara diurek-urek
 - c. Amarga carane mangan dikrokoti.
 - d. Amarga ora diwadhahi piring.

Kanggo njagani supaya endhut ora mlebu omahe Sukardi sing lagi rampung direnovasi kuwi, ngarep lawange dibuntu utawa ditutup blabag lan wedhi. Dheweke ana omah ijenan. Anak lan bojone ngungsi ing Pasar Porong. Senajan ana bantuwan kendharaan saka Lapindo, Brimob, lan TNI kanggo ngangkut pendhudhuk sing arep ngungsi, ning cacache ora nyukupi. Akeh pendhudhuk sing nyewa kendharaan dhewe klawan rega larang.

8. Manut isine paragraf sapa sing ngungsi menyang pasar Porong?
 - a. Sukardi karo anake lanang
 - b. Anak lan bojone Sukardi
 - c. Sukardi lan bojone
 - d. kancane lan anake

Beda maneh karo sing dialami dening pengusaha konstruksi Haji Mursidi (40), salah sijining wong sugih ing Desa Siring. Bos PT Semangat Joyoboyo kuwi ngalami kapitunan ora kurang saka rong milyar. Sebab gudhange sing ambane 2000 M2, sing kebak bahan bangunan kayata pipa, kayu, wesi, semen, barang-barang elektronik kedelep endhut.

9. Haji Mursidi kagungan usaha apa?
 - a. Toko bahan bangunan
 - b. Usaha Konstruksi
 - c. Toko Elektronik
 - d. dodol pipa
10. Amarga gudhange material klelep endhut Lapindo, kira-kira kapitunane Haji Mursidi pira?

- a. 2.000.000.000
- b. 200.000.000
- c. 20.000.000
- d. 2.000.000

B. Wangsulana pitakonan-pitakonan iki kanthi pratitis!

Ngalihake aksara naskah-naskah kuna kuwi ora gampang. Kudu tlaten, setiti, lan pikiran kudu ening. Luwih-luwih yen nemoni tulisan carik sing aksarane ngetumbar cilik-cilik. Miturut pangandikane Bu Kus, naskah siji ora cukup sesasi utawa rong sasi. Paling cepet telung sasi. Bab iki dibenerake dening Bu Kayati. Panjenengane tau ngalihake aksara naskah kandel lan gedhe, wektune nganti karo tengah taun.

1. Wacan ing dhuwur kuwi endi ukarane baku (ukara topik)?

Wangsulan: _____

2. Adhedhasar wacan ing dhuwur kuwi sapa ta Bu Kus lan Bu Kayati kuwi?

Wangsulan: _____

3. Paragraf kasebut nyritakake bab apa?

Wangsulan: _____

4. Gawe pitakon sing wangsulane: “dhek wingi sore”!

Wangsulan: _____

5. Gawe pitakon sing wangsulane: “Bu Kayati”!

Wangsulan: _____

Kunci jawaban :

A

1. a 6. d

2. c 7. b

3. c 8. b

4. c 9. b

5. a 10.a

B.

1. *Ngalihake aksara naskah-naskah kuna kuwi ora gampang*

2. *sing ngalihake aksara naskah kuna, sing ngalihake naskah kandel*

3. *Ngalihake aksara naskah-naskah kuna kang kandel*

4. *subyektif*

5. *subyektif*

Pedoman Penskoran:

Nomor 1 setiap jawaban benar diberi skor 2, sedangkan jawaban salah diberi skor 0. Karena soal berjumlah 10 butir, maka jumlah skor berkisar antara 0 sampai 20. Sedangkan nomor 2 setiap jawaban benar diberi skor 4, jawaban salah diberi skor 1. Karena soal berjumlah 5 butir, maka jumlah skor berkisar antara 5 sampai 20.

skor yang diperoleh

Nilai (1, 2) : ----- X 100

Skor maksimal (40)